

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra mangrupa eunteungan kahirupan saenyana nu salah sahiji warnana aya novél nu eusina caritaan. Sastrana sorangan miboga arti nyaéta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa (Isnendes, 2010, kc. 11). Minangka karya seni warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur estetis (kaéndahan sastra), kaasup fungsina atawa makena basa. Jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumna kahirupan manusa.

Nilik tina arti sastrana sorangan nu hartina alat atawa sarana, ti dieu bisa dicindekkeun yén sastra téh mangrupa alat pangarang pikeun ngainterpretasikeun kahirupan kana karya. Enya ogé hasil karanganna fiksi, tapi éta hasil karya téh tangtu meunang pangaruh tina kahirupan saenyana nu ngajadikeun inyana bisa nyieun éta karya. Jadi sastra téh raket pisan patalina jeung kahirupan urang, ayana sastra moal bisa leupas tina kahirupan saenyana. Dina sastra ogé urang bisa manggih warisan kahirupan baheula nu bisa dijadikeun pangaweruh pikeun nyanghareupan kahirupan ayeuna. Jadi dina jero karya sastra ogé aya sajarah kahirupan baheula, nu matak sastra téh penting pisan dina kahirupan urang saréréa.

Sastra ogé bisa dijadikeun pangajaran basa keur siswa sangkan leuwih ngarti kulantaran ditepikeun ngaliwatan karya nu ilaharna tina kahirupan sapopoé. Ieu hal luyu jeung nu ditepikeun ku Suryaman (Fatimah, 2018, kc. 2) kagiatan nyastra miboga udagan pikeun ngaronjatkeun kasurtian siswa dina ngapresiasi karya sastra, milih bacaan nu miboga kualitas pikeun ngaronjatkeun kapribadian sarta karakter siswa. Ieu sarua jeung nu ditepikeun ku Rachmat, spk.(Fatimah, 2018, kc. 2) yén pangajaran sastra lain ukur ngawanohkeun sastrawan jeung karyana, sarta maca jeung maham karya, tapi nepi ka kagiatan apresiasi. Siswa dipiharep ngajén jeung nepikeun pamadeganana kana karya sastra nu geus dipikawanoh, dibaca, jeung dicangkemna.

Dina pangajaran sastra nu diajarkeun ka siswa ti SD nepi ka SMA téh salah sahijina aya pangajaran maca novél nu aya dina KI-KD basa Sunda SMP kelas IX. Umur budak SMP téh asup kana ukuran rumaja dimana égo jeung pamikiranana can dewasa nu butuh bimbingan kénéh ti jalma nu leuwih kolot pikeun ngarahkeun sangkan teu méngpar tina norma kahirupan nu aya. Dina sastra ogé dipasing jadi aya

karya nu luyu keur budak nyaéta sastra anak. Novél barudak jadi hal nu luyu pikeun bahan ajar budak lantaran dijerona nyaritakeun barudak atawa bisa gampang dipikaharti ku barudak.

Salah sahiji pangarang novél nu ka sohor di jaman harita nepi ayeuna nyaéta Ahmad Bakri. Anjeuna nyaéta pangarang produktif nu onjoy dina nyaritakeun caritaan tina dialog antar tokoh. Ahmad Bakri ogé geus loba meunangkeun panghargaan di antarana Samsodi jeung dijujuluk pangarang favorit tina hasil angkét mangle taun 80-an. Nurutkeun biografi Ahmad Bakri dina novél karyana, iwal ti pangarang Ahmad Bakri ogé Guru basa Sunda. Jadi basa nu dipaké ku inyana tangtu merenah jeung luyu kana undak usuk basa. Novél karya na ogé sok loba nu bisa dijadikeun bahan ajar lantaran apal karya kumaha nu alus jeung luyu pikeun bahan ajar di sakola. Salah sahiji karyana aya novél budak judulna *Kasambet*, di jerona nyaritakeun kahirupan budak nu sigana lamun ditalungtik tina segi étnopédagogik bakal kaguar ajén-ajén pangajaran keur budak ayeuna.

Tulisan di luhur ngajadikeun panalungtik boga pamikiran pikeun ngulik Novél budak nu judulna *Kasambet* karya Ahmad Bakri maké ulikan struktural jeung étnopédagogik. Ulikan étnopédagogik lantaran ajén budaya dina novél *Kasambet* nu dicaritakeun ku budak bisa dijadikeun bahan pangajaran keur budak jeung luyu jadi bahan pangajaran maca novél di SMP.

Kabeneran dina ieu eusi novél ngandung atawa leubeut ku ajén-inajén hususna tatakrama nu jadi budaya tina paripolah unggal tokoh nu aya dijero ieu novél. Katitén ogé dijaman kiwari loba budak nu geus poho kana budaya sorangan, kalah nuturkeun budaya batur nu gampang kaluar asupna di jaman modéren nu sagala inpormasina digital. Sugan ku ayana ieu panalungtikan bisa méré tur ngahirupkeun deui ajén-ajén budaya kasundaan hususna keur budak, umumna keur balaréa.

Kajian nu ditalungtik ditambah ku ulikan struktural, lantaran dina novél tangtu tangtu kasusun ku struktur nu silih ngalengkepan dina jadina hiji carita ngajadikeun sabeundeul karya, nurutkeun Nurgiantoro (2017, kc. 21) nu disebut analisis struktural téh nyaéta panalungtikan sastra nu museur kana unsur-unsur pangwangunna karya sastra éta sorangan nu puseurna kana unsur-unsur nu ngawangun karya sastra sorangan, salah sahijina unsur intrinsik. Nurutkeun Stanton (2019, kc. 22) ogé nyebutkeun yén unsur pangwangun dina hiji karya sastra téh aya téma, alur, tokoh jeung panokohan, latar, jeung amanah.

Di jurusan basa Sunda nu nalungtik sastra tina analisis struktural aya loba, aya nu nalungtik novél, naskah drama, carpon, jeung réa-réa deui, conto judul panalungtikan ngeunaan analisis struktural jeung étnopédagogik aya “Novél Rumaja *Jamparing* Karya Chye Retty Isnendes Pikeun Bahan Pangajaran aca Novél di SMP (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)”. Ogé dina jurnal Lokabasa nu juduna “Novél Anak Rasiah Kode Biner Karya Dadan Sutisna Sebagai Bahan Pembelajaran Apresiasi Sastra di SMP (*Analisis Strukturalisme dan Étnopédagogik*)” tulisan Euis Siti Fatimah.

Buku novél *Kasambet* Karya Ahmad Bakri pernah ditalungtik jadi skripsi ku Dwi Nanda Lestari taun 2019 nu judulna “Aspék Kedaling dina Kumpulan *Kasambet* Karya Ahmad Bakri (Ulikan Pragmatik)”. Bédana ieu panalungtikan jeung nu ku Lestari nyaéta ulikanna, ieu panalungtikan maké analisis struktural jeung étnopédagogik nu hasilna dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Ditilik tina objék panalungtikana, novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri mangrupa novél alus pikeun budak nu eusina ngeunaan kahirupan budak taun 70-an. Ieu buku pinuh ku pangajaran-pangajaran kahirupan urang Sunda hususna budak. Lamun ditalungtik leuwih jero dina struktural jeung étnopédagogik tangtu bakal leuwih kaguar hal alus liana nu nyangkaruk dina ieu buku, ogé bisa dijadikeun bahan pangajaran maca novél SMP.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- a) Kumaha struktur carita dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri?
- b) Naon waé unsur étnopédagogik nu aya dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri?
- c) Kumaha larapna hasil panalungtikan dina pangajaran maca novél SMP?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Udagan panalungtikan ieu mangrupa eunteungan tina rumusan masalah di luhur, nu bakal dijéntrékeun kana dua udagan, umum jeung husus, nu bisa nangtukeun udagana tina panalungtikan nu dilaksanakeun nepi katitén cakupan nu ditalungtikna.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan udagan pikeun ngadéskrripsikeun struktur carita anu aya dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri, sarta diulik ngeunaan unsur-unsur struktur sastra. Sautuluyna didéskrripsikeun hal-hal anu patalina jeung étnopédagogik anu nyampak dina jero caritaan novél, nu hasilna dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMP.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- a) Novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri;
- b) Struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) nu nyangkaruk dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri; jeung
- c) Unsur étnopédagogik dina atikan karakter budak pikeun bahan ajar maca novél di SMP;

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu subab ngajelaskeun mangpaat ngeunaan nilai leuwih atawa kontribusi nu bisa aya tina hasil panalungtikan nu dilaksanakeun. Mangpaat panalungtikan ieu ditilik tina opat aspék.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Kalawan diayakeunna ieu panalungtikan dipiharep bisa digunakeun salaku dadasar pikeun mikaweruh kana unsur-unsur budaya nu aya dina karya sastra sarta nambahan kabeungharan panalungtikan dina ulikan sastra, hususna anu ngagunakeun ulikan struktural jeung étnopédagoik sastra. Hasil tina ieu panalungtikan bisa kapaluruh ngeunaan struktur carita sarta budaya masarakat dina salah sahiji karya sastra.

### 1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Pamaréntah ngayakeun *Gerakan Literasi Nasional* (GLN) nu ngawajibkeun murid sakola pikeun maca buku saacan ngamimitian pangajaran di kelas. Ku ayana ieu panalungtikan bisa jadi dadasar atawa acuan guru pikeun ngajadikeun novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri jadi bacaan siswa.

### 1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan di antarana.

- a) Pikeun panalungtik, bisa nambahan élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap sarta diguarna, miboga data katut hasil panalungtikan

- ngeunaan ulikan budaya dina pamarekan étnopédagogik, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik kalawan leuwih mundel jeung leuwih teleb.
- b) Pikeun masarakat, nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda, utamana maké ulikan struktural jeung étnopédagogik dina karya sastra ngeunaan novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri.
  - c) Pikeun mahasiswa/pelajar, dipiharep sangkan bisa jadi bahan pustaka katut rujukan pikeun panalungtikan ka hareupna.

#### **1.4.4 Mangpaat segi isu jeung sosial**

Eusi carita dina novél *Kasambet* karya Ahmad Bakri téh loba pisan unsur sosial kahirupan budak jaman baheula. Ku ditalungtikna ieu karya sastra sугan bisa ngahirupkeun deui kabiasaan jeung pola hirup budak Sunda di jaman kiwari.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu skripsi kabagi kana lima Bab nu medar:

Bab I dina ieu skripsi didasaran jadi Bab nu ngawanohkeun tur bubuka tina eusi panalungtikan di jerona. Bab I nyaéta nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa bagian nu ngajelaskeun ngeunaan kajian Pustaka tina skripsi nu medar konteks sajéntréna kana topik atawa masalah nu diangkat dina panalungtikan.

Bab III nu dijudulan Metode Panalungtikan nyaéta bagian nu sipatna prosedural, ngarahkeun nu maca pikeun mikanyaho kumaha panalungtik ngarancang alur panalungtikanana dimimitian tina pamarekan nu diterapkeun, instrument nu dipaké, tahapan ngumpulkeun data, nepi léngkah-léngkah analisis data nu dijalankeun.

Bab IV ieu nepikeun dua hal utama, nu kahiji ngajelaskeun hasil panalungtikan tina data nu dibeunangkeun. Kadua, ngabahas naon nu kapanggih salila nalungtik tur ngajawab patalékan nu jadi rumusan masalah dina ieu panalungtikan.

Bab V eusina aya kacindekan, implikasi jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan.